

**Entèpretasyon
Florida Alternate Assessment
ak Nòt Pitit Ou**



Enfòmasyon pou Paran yo

Kijan Florida Alternate Assessment gen enpak sou pitit ou?

Florida Alternate Assessment deziyen pou ofri yon chwa pou patisipasyon nan sistèm responsablite leta yon fason ki serye ak enteresan sou plan akademik pou tout elèv ki gen yon gwo andikap koyitif. Patipasyon pitit ou nan evalyasyon an kapab ede enfòm ak amelyore enstriksyon nan salklas la. Pou fè sa, y ap bay enfòmasyon nan matyè pitit ou maton ak/oswa nan matyè pitit ou bezwen amelyorasyon.

Eta Laflorid genyen yon sistèm ki baze sou nòm pou tout elèv yo. *Next Generation Sunshine State Standards* ak **Pwen Aksè** pou Elèv ki gen gwo andikap koyitif fè fonksyone pwogram nan, estrateji enstriksyon an ak evalyasyon an.

Kisa Pwen Aksè yo ye?

- Pwen aksè yo endike konsèp kle *Next Generation Sunshine State Standards* ki gen **nivo konpleksite** redui. Yo asire aksè nan sa ki esansyèl oswa nan objektif debaz nòm ki aplike pou tout elèv ki nan menm klas.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwen Aksè, ale sou sitwèb Curriculum Planning and Learning Management System (CPALMS) nan <http://www.cpalms.org/>.

Kisa Nivo Konpleksite yo ye?

Chak Pwen aksè gen twa (3) nivo konpleksite.

Mwen konplike



Pi konplike

- Nivo konpleksite **Participatory** a konsantre sou konpetans nan yon nivo konesans akademik ki kòmanse, tankou pou rekonèt pati nan yon ansanm oswa pou rekonèt yon lèt oswa yon chif.
- Nivo konpleksite **Supported** la konsantre sou konpetans ki mande pou idantifye, sonje oswa egzekite konpetans akademik debaz tankou li mo oswa rezoud pwoblèm matematik senp.
- Nivo konpleksite **Independent** lan konsantre sou konpetans ki mande pou òganize, konpare ak analize, tankou idantifye lide prensipal yon istwa oswa rezoud pwoblèm matematik pi konplèks.

Florida Alternate Assessment ye?

- Florida Alternate Assessment se yon evalyasyon ki baze sou pèfòmans, pa sou yon tès pou fè sou papyè ak kreyon. Li la pou elèv ki gen gwo andikap koyitif epi ki gen patisipasyon yo nan evalyasyon jeneral eta a ki pa apwopriye, menm avèk aranjman.
- Yo bay Florida Alternate Assessment chak ane pou evalye elèv yo nan Lektif (klas 3yèm ane–10yèm ane), Matematik (klas 3yèm ane–10yèm ane), Ekriti (klas 4yèm ane, 8yèm ane, ak 10yèm), ak Syans (klas 5yèm ane, 8yèm ane, ak 11yèm ane).
- Pou chak matyè akademik yo evalye, yo bay 16 kesyon pou chak elèv apa. Se pwofesè edikasyon espesyal, yon pwofesè sètifye, oswa lòt pwofesyonèl lisansye ki te travay anpil avèk elèv la epi ki te fòme nan pwosedi evalyasyon ki bay kesyon yo.
- Elèv yo antre yon kesyon nan nivo Participatory epi yo kontinye travay nan chak nivo kompleksite jouk lè yo bay move repons pou yon kesyon oswa lè yo bay bon repons pou kesyon an nan nivo Independent lan.
- Anjeneral, elèv yo chwazi yon repons pou yon kesyon pami twa repons ochwa ki reprezante nan desen, tèks, nimewo ak/oswa senbòl nan yon Tiliv Repons.
- Nan nivo kompleksite Participatory a, yon pwosesis ki rele “edifikasyon pwogresif” fèt lè kantite repons ochwa yo diminye chak fwa yon elèv pa kapab bay repons kòrèk la.

Kijan yo bay nòt pou evalyasyon pitit mwen?

Elèv yo kapab fè nòt 0, 1, 2, 3, 6 oswa 9 pwen pa kesyon, selon repons kòrèk yo bay pou pi wo nivo kompleksite a. Elèv yo resevwa yon nòt 0 sèlman si yo p ap angaje oswa si yo refize patisipe aktivman nan yon kesyon nan nivo Participatory a. Nòt total elèv la pou chak matyè akademik se sòm pwen elèv la fè pou 16 kesyon yo. Nòt maksimòm ki posib pou bay nan chak matyè akademik se 144.

Kijan yo rapòte rezilta pitit mwen?

- Yo rapòte rezilta pitit ou nan Rapò Elèv selon **Nivo Pèfòmans** (nivo 1–9) ki dekri konesans, aptitud ak kapasite pitit ou parapò ak *Next Generation Sunshine State Standards Access Points*.

Kisa Nivo Pèfòmans yo ye?

Genyen yon total nèf (9) Nivo Pèfòmans ki tonbe nan twa (3) kategori pèfòmans: emergent, achieved ak commended.

Emergent			Achieved			Commended		
1	2	3	4	5	6	7	8	9

- Elèv ki gen pèfòmans nan nivo 1–3 ap devlope konesans debaz nan aptitud akademik espesifik ki sòti nan enstwiksyon ak pratik, epitou elèv sa yo kapab bezwen estimilasyon ak/oswa ankourajman.
- Elèv ki gen pèfòmans nan nivo 4–6 ap vin genyen aptitud akademik ki sòti nan enstriksyon ak pratik avèk siksè modere.
- Elèv ki gen pèfòmans nan nivo 7–9 metrize ak aplike aptitud akademik ki sòti nan enstriksyon ak pratik.

Kijan y ap itilize rezilta evalyasyon an?

Florida Alternate Assessment se sèlman yon evalyasyon pèfòmans pitit ou epi ou ta dwe konsidere li nan kontèks pwogram lokal ak lòt evalyasyon. Yo kapab itilize rezilta pitit ou pou:

- idantifye konesans li pran nan aprantisaj;
- ede ekip IEP a nan devlopman bi ak objektif anyèl yo;
- enfòme planifikasyon enstwiksyon an; epi
- kontwole pwogrè pitit ou ane apre ane.

Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Si ou pa t resevwa Rapò Elèv pitit ou oswa si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou Florida Alternate Assessment, kontakte pwofesè pitit ou, Kowòdonatè Distri a, oswa Kowòdonatè Evalyasyon Altène. Ou kapab telechaje kopi tiliv sa a sou sit wèb FLDOE nan

<http://www.fldoe.org/academics/exceptional-student-edu/beess-resources/fl-alternate-assessment.stml>.



Pam Stewart
Manm Komisyon Edikasyon